



Rezo Kolaboratif pou Amelyore ak Inove Vizit Adomisil: Deklarasyon Dwa pou Vizit Adomisil

Sa ki anba yo reprezante dwa invèsèl tout patisipan nan vizit adomisil yo kapab espere resevwa.

Mwen gen dwa pou...

- Mwen sispann sèvis vizit adomisil yo nenpòt kilè -Vizit Adomisil la volontè!
- Mwen gen aksè a sèvis yo nan lang mwen pito.
- Mwen resevwa swen nan men pwofesyonèl swen sante ki respekte orijin kiltirèl mwen
- Yo konprann mwen ak tande m
- Moun k ap bay mwen menm ak fanmi m sèvis vizit adomisil yo respekte m
- Mwen deside sou sèvis ak swen fanmi m ak mwen menm resevwa yo
- Mwen resevwa swen selon fòs mwen epi ki konstwi sou baz yo
- Mwen fikse pwòp objektif mwen, pou fanmi m ak pou pitit mwen epi pou m resevwa enfòmasyon ak resous k ap ede m reyalize objektif mwen yo.
- Mwen chwazi fanmi ak zanmi ki la pandan sèvis vizit adomisil mwen yo
- Mwen pa sibi diskriminasyon akòz ras, sèks, relijyon, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, laj, andikap, kondisyon VIH, estati imigrasyon, estati lojman, nivo revni oswa tip asirans mwen an

Se Administrasyon Resous ak Sèvis Sante (Health Resources and Services Administration, HRSA) nan Depatman Sante ak Sèvis Imen Etazini (U.S. Department of Health and Human Services, HHS) an k ap sipòte pwojè sa a, anba nimewo sibvansyon UF4MC26525, Rezo Kolaboratif pou Amelyore ak Inove Vizit adomisil (HV CoIIN). Enfòmasyon sa a oswa kontni ak konklizyon yo se pawòl otè a, donk yo pa dwe entèprete yo kòm pozisyon oswa politik ofisyèl HRSA, HHS oswa Gouvènman ameriken an, ni tou yo pa dwe fè dediksyon yon angajman kèlkonk parapò ak yo.



EDC: 300 Fifth Avenue, Suite 2010
Waltham, MA 02451
E-mail: hvcoiin@edc.org
Web: <https://hv-coiin.edc.org>
Phone: 617-969-7100
Boston | Chicago | New York | Washington, D.C.

